



Pou Piblikasyon Imedya: 08/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE INOGIRASYON NEW TERMINAL ONE LAN KI KOUTE 9.5 MILYA DOLA AP FÈ GWO PA ANNAVAN POU TRANSFÒMASYON JFK OTORITE PÒTYÈ A

Yo pral konstwi Tèminal Entènasyonal ki mezire 2.4 milyon pye kare an plizyè faz sou sit T1, T2, aktyèl yo ak ansyen T3

Sal arive ak sal depa yo ak premye nouvo pòtay yo pral en fonksyon an 2026

New Terminal One lan pral pi gwo tèminal nan Ayewopò Entènasyonal JFK epi li reprezante yon pati entegral nan pwojè transfòmasyon 18 milya dola ki kounye a byen sou pye

Patenè prive yo pral bay finansman pou kouvri tout depans tèminal yo; Otorite Pòtyè a pral konstwi enfrastrikti woutyè ak sèvis piblik sipò yo

Teknoloji modèn, pi bon pratik dirabilite, atizay piblik, konsesyon lokal anblematik ak wout renove yo pral kreye yon eksperyans pasaje klas mondyal

Pwojè a pral kreye plis pase 10,000 djòb ototal enkli 6,000 djòb konstriksyon sendika

Gen ladan yon objektif MWBE ki egal a 30 pousan pou kontra ak enterè finansman; vas opòtinite pou biznis lokal yo ak moun k ap chèche travay yo k ap gide pa Konsèy Konsiltatif Kominotè

Reprezantasyon grafik pou New Terminal One lan disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te selebre jodi a yon etap enpòtan nan transfòmasyon Otorite Pòtyè (Port Authority) a nan Ayewopò Entènasyonal John F. Kennedy (John F. Kennedy International Airport) ak inogirasyon yon New Terminal One (Nouvo Tèminal En) ki finanse yon fason prive ki koute 9.5 milya dola a. Kòmanse konstriksyon an vini apre yon akò revize nan fen ane pase a ant Otorite Pòtyè a ak New Terminal One - yon konsòsyòm esponsò finansye - pou konstwi yon nouvo tèminal entènasyonal ki mezire 2.4 milyon pye kare ki pral sèvi ankraj pou zòn sid Ayewopò Entènasyonal John F. Kennedy a ak kreye 10,000 djòb, ki gen ladan 6,000 djòb nan konstriksyon.

"Renovasyon modèn nou yo nan ayewopò Eta New York yo enpòtan anpil epi yo t ap tann yo depi lontan - espesyalman nan JFK, ki se devan pòt nasyon an nan mond lan. **Gouvènè Hochul te deklare.** "Investisman n ap fè jodi a pral asire ke tout Nouyòkè yo, ak plizyè dizèn milyon moun ki vin isit la chak ane, gen yon eksperyans vwayaj premye klas demen - tout pandan y ap kreye plis pase 10,000 djòb. Felisitasyon ak mèsi ak tout moun ki te konsakre apil ane nan travay di pou fè pwojè transfòmasyon sa a posib."

Fèt pou akomode demann k ap grandi pou vwayaj ayeryen entènasyonal yo, New Terminal One lan pral plis pase de fwa gwo tèminal 1 ak tèminal 2 a. Sal pou anrejistremman ak espas arive ki klere ak ayere, teknoloji sekirite avanse ak yon sistèm jesyon bagaj modèn ki pral amelyore eksperyans pasaje yo. Nouvo Terminal One lan pral double kantite pòtay ki pou akomode gwo avyon pou kounye a, ak 22 nan 23 nouvo pòtay yo ki fèt pou pi gwo avyon ki enpòtan pou vwayaj entènasyonal yo.

Avèk plis pase 300,000 pye kare konsesyon restoran magazen klas mondyal ki vann an detay ki enspire lokalman, ansanm ak salon, espas vèt alanteryè, atizay piblik enspiran, ekipman ki pratik pou fanmi ak wout renove, New Terminal One lan pral ofri kliyan yo eksperyans klas mondyal espere nan yon pòtay mondyal, epi li pral fè konpetisyon ak kèk nan tèminal ayewopò ke yo klase pi wo nan mond lan.

Konfòmman ak angajman Otorite Pòtyè a pou rive atenn emisyon gaz ki lakòz efè sè nan nivo nèt zewo dis 2050, Tèminal la pral fèt yon fason dirab epi konsantre sou lavni, ki gen ladan pwodiksyon enèji renouvlab sou plas, ekipman sipò elektrik nan sòl la ak kontwòl ekleraj ak bilding optimize.

Okòmansman yo te prevwa inogire li an 2020, enpak grav pandemi COVID-19 la sou vwayaj ayeryen te egzije ke Otorite Pòtyè a ak konsòsyòm New Terminal One (NTO) restriktire akò anvan an pou konstwi ak opere nouvo Tèminal la. Konsèy Komisè Otorite Pòtyè a te apwouve yon akò revize epi Gouvènè Hochul te anonse li an desanm 2021, sa ki te pèmèt pwojè a avanse.

Nan mwa jen an, Konsèy Otorite Pòtyè a te vote pou apwouve yon nouvo investisè prensipal nan pwojè a. Ferrovia, yon operatè ayewopò mondyal ki gen eksperyans nan konstriksyon tèminal klas mondyal, te achte 96 pousan nan 51 pousan pati Carlyle Global Infrastructure Fund nan New Terminal One lan. Konsòsyòm lan, ki gen ladann tou patnè finansye ULLICO ak JLC Infrastructure, pral fè konsepsyon, bati ak opere tèminal modèn lan.

Konsòsyòm NTO pral finanse yon fason prive depans total tèminal la. Otorite Pòtyè a pral antreprann yon kantite amelyorasyon nan enfastrikti ak amelyorasyon ki gen ladan wout, pakin, ak sèvis piblik ki gen ladan yon nouvo soustasyon elektrik kòm yon pati nan pwojè a. Pwojè a pral konstwi an plizyè faz, ak sal arive ak depa ak 14 nouvo pòtay yo ki pral ouvè an 2026 epi finisman nèt pòtay final Tèminal la an 2030.

Yo pral bati New Terminal One lan sou sit Tèminal 1 aktyèl la ki pa gen espas ase epi ki demode a, Tèminal 2 ki gen 60 ane ki ansyen epi ki demode, ak sit ansyen Tèminal 3 a ki te demoli an 2014. Pou kenbe tout operasyon vòl yo pandan konstriksyon an, demolisyon ansyen estrikti yo pral kowòdone ak ouvèti nouvo enstalasyon yo. Travay yo pral kòmanse nan sit Tèminal 3 ki vid la. Tèminal 2 a pral demoli apre Delta Air Lines pral konsolide operasyon li yo nan yon Tèminal 4 ki fèk elaji ak modènize an 2023. Tèminal 1 aktyèl la pral kraze apre premye faz New Terminal One lan fini an 2026, sa ki pral pèmèt dezyèm faz pwojè a avanse.

Prezidan Otorite Pòtyè a, Kevin O'Toole, te deklare, "Inogirasyon yon New Terminal One jodi a reprezante yon etap enpòtan nan direksyon pou asire ke rejyon nou an rete pòtay nasyon an nan mond lan. Lè li fini, nouvo tèmininal sa a pral reprezante yon lòt etap enpòtan nan remode ayewopò nou yo an espas pwospè ki bay pasaje yo yon eksperyans klas mondyal nan yon fason dirab pandan y ap sèvi kòm motè ekonomik pou kominote ki avwazinant lan."

Direktè Egzekitif Otorite Pòtyè a, Rick Cotton, te deklare, "Pwojè nouvo Terminal One lan reprezante patenarya piblik-prive ki pi gwo ak pi odasye nan istwa ayewopò Otorite Pòtyè a, ki enplike angajman 9.5 milya dola nan investisman prive, ke tout investisè prive ki gen lafwa nan New York, lafwa nan rejyon ak lafwa nan avni Ayewopò Entènasyonal JFK pote sou tab la. Objektif eksplisit nou an se bati youn nan 10 pi gwo tèmininal ayeryen yo nan mond lan, epi ak inogirasyon jodi a pou yon New Terminal One klas mondyal, JFK sou wout pou l vin tounen yon pòtay mondyal ke rejyon an merite."

Jeffrey Lynford, ki se Vis Prezidan Otorite Pòtyè a, te deklare, "Non sèlman Ayewopò Entènasyonal JFK nan peyi a pi okipe pou vwayaj entènasyonal, li kreye lyen enpòtan ak rès mond lan, li se yon motè ekonomik enpòtan pou tout rejyon nou an. Inogirasyon jodi a pou yon New Terminal One se yon etap enpòtan pou pi devan nan transfòmasyon JFK an yon pòtay global klas mondyal ki pral kontinye estimile kwasans ekonomik rejyon nou an epi kreye plizyè milye djòb ki byen peye. Pwogram Otorite Pòtyè a pou transfòme ayewopò rejyon yo an pòtay klas mondyal pral jwe yon wòl enpòtan nan efò nou pou rekipere apre pandemi an epi bati fondasyon pou lavni an."

Doktè Gerrard P. Bushell, Direktè Egzekitif Jeneral New Terminal One lan, te deklare, "Lè li fini, pwojè sa a pral pote yon tèmininal klas mondyal ki fèt yon fason dirab epi ki konsantre sou lavni, ak yon nouvo pòtay ki mennen nan pi gwo vil nan mond lan. Atravè vas patenarya nou yo ak kominote a ak travayè yo, nou pral ankouraje objektif patisipasyon MWBE ki istorikman wo, epi bay djòb ak opòtinite ekonomik reyèl pou kominote sa a pou jenerasyon k ap vini yo."

Gary LaBarbera, Prezidan Konsèy Metye Konstriksyon Greater New York, te deklare, "Inogirasyon jodi a nan yon nouvo Terminal One nan Ayewopò Entènasyonal JFK reprezante kòmansman yon lòt amelyorasyon enfrastrikti enpòtan, a gwo echèl ki pral jwe yon wòl enpòtan nan rekipèrasyon ekonomik kontinyèl New York la epi kreye plizyè milye karyè klas mwayèn ki byen peye ak avantaj. Kounye a plis pase anvan, nou

bezwen pwojè devlopman ki kreye opòtinite karyè dirab pou moun k ap travay yo nan vil nou an, epi nou remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip kontinyèl li ak devouman fèm li pou asire ke pwojè k ap kreye travay sa yo se pòtay nan yon nouvo epòk nan New York. Manm nou yo pare epi yo ap tann pou yo ogmante travay yo pou modènize totalman Ayewopò Entènasyonaj JFK pou li vin tounen yon sant transpò egzanplè ak klas mondyal ke Nouyòkè yo ak vizitè nou yo vrèman merite."

Transfòmasyon JFK an yon Pòtay Global Klas Mondyal

New Terminal One lan bati sou momantòm lòt twa eleman majè nan transfòmasyon ayewopò a. Devlopman 3.9 milya dola yon nouvo Tèminaj 6 modèn, ke JFK Millennium Partners pral konstwi sou bò nò ayewopò a ki pral konekte san pwoblèm ak Tèminaj 5 JetBlue ki egziste deja te apwouve pa Konsèy Komisyonè Otorite Pòtyè a nan mwa out 2021 an. Ekspansyon nan Tèminaj 4 la ki koute 1.5 milya dola, ki te dirije pa Delta ak JFK International Air Terminal, te apwouve nan prentan epi li an konstriksyon kounye a. Anplis de sa, travay te kòmanse an desanm 2019 sou ekspansyon 425 milyon dola nan Tèminaj 8 JFK a, ki te dirije pa American Airlines, ki opere tèminaj la, ak British Airways, ki pral demenaje pou ale nan Tèminaj 8 la soti nan Tèminaj 7 la, lè pwojè a fini nan fen ane sa a.

Konbine, pwojè tèminaj ki finanse prive yo ansanm ak pwojè wout, pakin ak enfrastrikti Otorite Pòtyè a reprezante yon transfòmasyon 18 milya dola JFK International ak yon seri patenarya piblik-prive ekstrawòdinè. Evestisman kapital Otorite Pòtyè a ki se 2,9 milya dola ap pwofite envestisman prive nan yon pousantaj ki plis pase senk rive nan en lè li konsidere envestisman prive total ki plis pase 15 milya dola ki te angaje nan kat pwojè ki gen ladann pwogram redevlopman JFK konplè a.

Reprezantan Gregory Meeks, te deklare, "Konstriksyon New Terminal One lan nan JFK montre kouman modènizasyon sant transpò kle yo pandan y ap santre bezwen kominote a ak eksperyans pasaje yo enpòtan anpil pou kwasans ekonomik yon rejyon. Plizyè milya dola ki envesti nan pwojè transfòmasyon sa a pral kreye plizyè milye bon djòb ak MWBE ak opòtinite kontra lokal pami lòt avantaj. Kòm Ko-Prezidan Konsèy Konsiltatif Kominotè a, mwen pa ka tann pou mwen kontinye travay ak tout patnè nou yo pou reyalize pwogram devlopman mendèv solid, opòtinite devlopman biznis, pwogram edikatif ak angajman dirabilite anviwònmanal pou katye yo ki ozalantou JFK."

Senatè Eta a Leroy Comrie te deklare, "JFK Airport sèvi kòm yon pòtay enpòtan, ki konekte mond lan ak rejyon nou an. Inogirasyon sa a demontre angajman New York pou amelyore ak envesti nan yon JFK ki ka satisfè bezwen transpò alavni nan zòn twa eta a. Mwen rekonesan pou lidèchip Gouvènè Hochul, travay dilijan Otorite Pòtyè a, ak tout moun k ap patisipe nan kreye nouvo epòk ekselans sa a pou JFK."

Senatè Eta Joseph P. Addabbo Jr. te deklare, "Inogirasyon nouvo Terminal One nan Ayewopò Entènasyonaj John F. Kennedy a se yon gwo etap nan direksyon lavni New York. Lè nou fè envestisman enpòtan sa yo nan enfrastrikti nou an, n ap fè Nouyòkè yo ak vizitè yo konnen ke nou pran angajman pou kreye yon pi bon eksperyans pou yo lè y

ap vwayaje ale ak soti nan eta nou an nan kreye yon ayewopò ki pi efikas. Pwojè sa a pral kreye plizyè milye nouvo djòb, ki gen ladan djòb konstriksyon sendika, ansanm ak lòt opòtinite travay lè Tèminal la louvri."

Senatè James Sanders Jr. te deklare, "Menm pandan n ap travay sou yon Akò Avantaj Kominotè, nou bat bravo pou pwogrè ki fèt jiskaprezan. Tèminal 1 JFK a pral adrese sekirite, efikasite ak konvivalite pou fè vwayaj vin yon eksperyans ki pi bon, ki pi agreyab pou rezidan yo ak vizitè yo, epi pote pòtay sa a nan premye plan nan epòk modèn lan."

Manm Asanble Stacey Pheffer Amato, te deklare, "Inogirasyon Tèminal One lan montre objektif klè Eta nou an pou bay nouvo djòb ak yon gwo opòtinite ekonomik pou travayè yo, tout pandan y ap responsab sou plan anviwònmanal. Atravè investisman sa a, ak yon angajman devwe Eta nou an, n ap pote kwasans travay nan South Queens, ak JFK nan 21èm Syèk la nan asire ke ayewopò nou an ap opere epi sèvi ak teknoloji ki pi modèn ak enèji efikas ki disponib. Sa a se yon temwayaj pou kominote nou an, Eta nou an ak moun New York."

Manm Asanble Alicia Hyndman, te deklare, "Sa a se yon etap enpòtan enteresan pou Ayewopò JFK. Kòm pwojè Terminal One JFK pral sètènman elaji sèvis ayewopò an, li pral kreye tou plis djòb pou moun ak biznis yo sekirize. Li enperatif pou egzijè ak bay bon jan fòmasyon pandan y ap konstwi nouvo tèminal sa epi prepare anplwaye yo pou yo kominike ak kliyan yo pou yo fè eksperyans tranzisyon pozitif sa a. Finalman, mwen konvenki ke New Tèminal One (NTO) lan pral konsidere kòm nouvo estanda tèminal ayewopò yo epi yo pral fèt pou akomode pasaje yo nan konfò yo."

Manm Asanble a Michaelle C. Solages te deklare, "Jodi a, nou selebre yon etap enpòtan nan redevlopman Ayewopò Entènasyonal JFK a. Avèk finisman pwojè Terminal One lan, n ap avanse pi pre pou satisfè demand vwayaj 21èm Syèk yo. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul, travayè, ak tout moun ki gen enterè yo nan kad reyalizasyon eksepsyonèl sa a epi m ap tann ak enpasyans yon tèminal klas mondyal ki klase nan tèt list ki pral pi gwo tèminal entènasyonal nan JFK."

Prezidan Minisipalite Queens, Donovan Richards Jr., te deklare, "Se yon jou ki vrèman istorik pou Queens ak pou plizyè milyon vwayajè nou akeyi nan vil nou an atravè Ayewopò Kennedy a, pandan n ap inogire travay nan youn nan pi gwo pwojè enfastrikti ak devlopman ekonomik nan istwa minisipalite nou an. Avèk kreyasyon omwen 10,000 djòb, anpil ladan yo pral jwenn rezidan lokal yo, ak dè milyon dola nan kontra pou biznis Queens yo, Terminal One tou nèt la pral yon ogmantasyon ki enpòtan anpil pou ekonomi Queens lan, endistri aviyasyon ki enpòtan anpil ak rejyon an tout antye. Mèsi Gouvènè Hochul, Otorite Pòtyè a ak chak patnè ki te ede fè jodi a posib."

Prezidan Konsèy Vil New York la, Adrienne Adams, te deklare, "Ayewopò JFK se yon pòtay enpòtan pou rejyon metwopolitèn Vil New York la ak yon motè ekonomik kle nan Sidès Queens. New Terminal One lan pral kreye travay, bay nouvo opòtinite pou ti biznis yo, epi amelyore eksperyans pasaje pou vizitè yo ak Nouyòkè yo. Pwojè a pral

amelyore tou wout ak enfracstrikti lokal yo, ki enpòtan anpil pou avansman kominote ozalantou ayewopò a. Pandan transfòmasyon Ayewopò JFK a ap vanse, mwen pa ka tann pou mwen kontinye patenarya ak tout moun ki gen enterè yo pou asire Sidès Queens ak tout Nouyòkè yo benefisyè envestisman enpòtan sa yo."

Prefè Disiplin Majorite Konsèy Vil New York, Selvena N. Brooks-Powers, te deklare, "Kòm ansyen Manadjè Afè Eksteryè ak Sensibilizasyon Kominotè pou Otorite Pòtyè a, mwen rekonesan dèske mwen inogire Pwojè Terminal One modèn lan k ap koute 9,5 milya dola, k ap kreye 10,000 djòb, 6,000 ladan yo se pòs sendika. Deja yon sant transpò entènasyonal, Ayewopò Entènasyonal JFK pral vrèman vin sant travay konstriksyon, opòtinite antreprenarya pou MWBE, ak transpò klas mondyal sou kòt lès la. Mwen espere travay ak kòlèg eli mwen yo pou elaji aksè ak ti biznis MWBE lokal yo nan sidès Queens, kreye opòtinite eskolè pou jèn nou yo epi bay opòtinite enfracstrikti atravè pwojè Redevlopman JFK a."

Manm Konsèy Nantasha Williams, te deklare, "Avan m te vin yon Manm Konsèy, mwen te travay pou pwogram Redevlopman JFK a, e li enteresan pou m wè tout pwogrè yo malgre yon pandemi mondyal ki te paralize endistri vwayaj la. Pwojè sa a pral fasone avni youn nan ayewopò prensipal yo nan pey nou ani. Inogirasyon tèminal 1 an se yon etap nan direksyon revitalizasyon gwo avantaj sa a. Mwen kontan wè pwogrè nan pwojè sa a depi lè m t ap travay sou li epi mwen pa ka tann fini. Nouvo tèminal modèn lan pral bay yon eksperyans amelyore pou alafwa rezidan yo ak vizitè yo ki vizite ayewopò a. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Hochul, Otorite Pòtyè a, ekip New Terminal One lan, ak tout moun ki te kontribye nan pwojè sa a."

Justin Rodgers, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Greater Jamaica Development Corporation lan, te deklare, "JFK Airport is the lifeblood of Southeast Queens and Jamaica that is responsible for so much of our economic vitality. Continued investment in JFK is by extension an investment in our area and small businesses. Thank you to Gov. Hochul and the Port Authority for creating opportunities for our community."

Tom Grech, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Chanm Komès Queens (Queens Chamber of Commerce) lan, te deklare. "Antanke pi ansyen ak pi gwo asosyasyon biznis nan Queens, nou kontan kanpe ak Gouvènè Hochul, ak zanmi nou yo nan Otorite Pòtyè a pou lanse konstriksyon nan kad envestisman istorik sa a nan Ayewopò Entènasyonal JFK a. Envestisman 9.5 milya dola sa a pou kreye yon eksperyans pasaje klas mondyal nan Tèminal 1 an pral bay opòtinite pou MWBE lokal yo epi li pral yon gwo ogmantasyon nan rekiperasyon ekonomik reyon nou an. Nou ekstrèmman fyè de wòl manm Cham Queens yo pral jwe nan pwojè ki pote transfòmasyon sa a".

Prezidan National Association of Minority Contractors nan Seksyon Twa Eta New York la, Nayan Parikh, te deklare, "Nou ta renmen felisite Gouvènè Kathy Hochul pou gwo lidèchip li ak sipò san fay li anvè kominote MWBE a. Eitou, nou ta renmen felisite Otorite Pòtyè a pou previzyon yo nan kreye plis pase 10,000 djòb ak yon objektif 30

pousan MWBE konstan. NAMC ak Konsèy nou an ak manm ki angaje nou yo pare pou bay resous ak devlopman kapasite pou sipòte efò ki gen anpil enpak sa ak tout kè nou."

Quenia Abreu, Prezidan Chanm Komès Fanm yo nan New York te deklare, "Nou felisite Gouvènè Hochul ak zanmi nou yo nan Otorite Pòtyè a pou etap enpòtan sa a nan direksyon pou transfòmè JFK. Envestisman istorik sa a nan JFK pral ede kreye nouvo opòtinite ekonomik pou kominote MWBE a ak tout rejyon nou an, epi nou espere kontinye travay ak patnè nou yo sou pwojè enpòtan sa a.

Prezidan & Direktè Egzekitif Jeneral Rockaway Development & Revitalization Corporation lan, Kevin W. Alexander, te deklare, "Jodi a se yon lòt jounen enpòtan pou Queens ak anons Gouvènè Hochul sou Pwojè Tèminal JFK k ap koute 9.5 milya dola a. Terminal One Team lan merite yon gwo kantite kredi pou plan vizyonè li a pou konsolide ak transfòmè Tèminal 1,2 ak 3 men tou pou angajman kontinyèl yo pou kreye djòb, karyè ak opòtinite pou antreprenè sidès Queens ak biznis ki posede pa minorite yo pou jenerasyon k ap vini yo. Antanke Ko-Prezidan Komite Devlopman Karyè ak Mendèv Konsèy Konsiltatif JFK a, nou espere travay avèk Gouvènè Hochul, Otorite Pòtyè NY & NJ ak Terminal One nan prepare rezidan lokal nou yo pou ranpli opòtinite travay ak chemen karyè sa yo."

Tom Wright, prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, Asosyasyon Plan Rejyonal la (Regional Plan Association, RPA), te deklare, "RPA kontan wè gwo envestisman sa a nan Ayewopò JFK, ki pral ranfòse devlopman ekonomik ak konpetitivite rejyon an epi ki konplete renovasyon ayewopò LaGuardia ak gwo envestisman nan ayewopò Newark Liberty. Jan nou te konkli nan Katriyèm Plan Rejyonal RPA a, ayewopò nou yo se pòtay pou rejyon nou an e li enpòtan anpil pou siksè ak pwosperite kontinyèl nou. Avèk envestisman sa yo, Otorite Pòtyè a kontinye rete yon lidè nan patenarya piblik-privè, ki kapab bay amelyorasyon kapital ak plis sètitud epi sèvi kòm yon modèl pou lòt ajans rejyonal yo. Nou pa ka tann pou nou kontinye travay avèk lidè rejyon nou yo ak Otorite Pòtyè a pou kontinye restore sistèm nou yo pou pase nan estanda klas mondyal yo."

Carlo A. Scissura, Esq., Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, Kongrè Konstriksyon New York la (New York Building Congress), te deklare, "Kongrè Konstriksyon New York la kontan anpil pou l temwen kòmansman konstriksyon nouvo Terminal One JFK a — e li fyè dèske manm nou yo ap fè konsepsyon ak konstwi li. Konpliman pou Rick Cotton ak tout moun nan Otorite Pòtyè a ki fè jou sa a vin yon reyelite. Ayewopò nou yo se pòtay rès mond lan ki mennen nan vil la, epi yo esansyèl nan kenbe New York antanke yon puisans touristik mondyal. Gouvènè Hochul ak administrasyon li a kontinye montre angajman yo pou envesti nan enfrastrikti nou yo ak kreye dè milye djòb pou mendèv nou an."

Rafael del Pino, Prezidan Ferroviyal la, te deklare, "Nou fyè dèske nou fè pati konsòsyòm New Terminal One lan epi nou motive pou nou travay avèk patnè nou yo ak Otorite Pòtyè nan New York ak New Jersey pou fè pwojè anblematik sa a fè siksè."

Jim Reynolds, ki se Patnè Jeran nan JLC Infrastructure, te deklare, "Pandan ke nou ap travay nan devlopman sa a depi kèk tan, jodi a vle di kòmansman sa nou te deside fè. Delivre yon tèminal klas mondyal, kreye anpil djòb ak opòtinite ak jere yon bon biznis se objektif nou nan pwochen 38 yo ane yo."

Ed Smith, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Ullico Inc., te deklare, "Sa a se pa sèlman pi gwo pwojè enfastrikti P3 nan Etazini an. Se yon bèl egzanp sou sa ki ka akonpli ak moun k ap travay yo, sendika pa yo ak biznis pa yo ki ini dèyè yon misyon komen pou konstwi nasyon nou an."

Reyamenaje JFK Airport dekonsè ak kominote lokal la

An 2018, yo te fòme Konsèy Konsiltatif Kominotè pou Devlopman JFK (JFK Redevelopment Community Advisory Council). Li ko-prezide pa Reprezantan Ameriken Gregory Meeks ak Prezidan Minisipalite Queens lan Donovan Richards, epi li gen ladan fonksyonè eli, konsèy kominotè, biznis ak òganizasyon san bi likratif, òganizasyon sivik, ak lidè relijye yo nan kominote lokal yo vize nan Sidès Queens, Sidwès Queens, Rockaways yo ak pati lwès yo nan Konte Nassau.

Depi kreyasyon li, Konsèy Konsiltatif la ap travay avèk Otorite Pòtyè a pou elaji efò sansibilizasyon kominote a epi devlope pwogram ki fokis sou kominote a, asire ke pwojè anbisye sa a mande opinyon kontinyèl moun ki gen enterè lokal yo epi bay opòtinite siyifikatif pou biznis lokal yo, MWBE yo, etidyan yo ak moun k ap chèche travay yo.

Sa gen ladann pwogram pou avanse angajman Otorite Pòtyè a pou yon 30% objektif kontra pou Biznis ak Antrepriz ke Minorite yo ak Fanm yo Posede (Minority and Women Owned Business Enterprises, MWBE) nan tout kategori travay, ak yon konsantrasyon espesyal sou opòtinite pou biznis lokal yo atravè tout aspè nan pwogram Redevelopment JFK, ki gen ladan pwojè tèminal sa a, ki pral bati pa travayè sendika dapre yon akò pwojè travay konplè. Lòt inisyativ devlopman kominotè ke Konsèy la priyore konsantrasyon sou opòtinite travay ak pwogram devlopman mendèv pou rezidan lokal yo, sansibilizasyon ak devlopman ti biznis yo, ak pwogram edikatif pou etidyan lokal yo.

###